

Kijan pou w dispoze kòm sadwa de atik menaje ki te enfeste ak pinèz

- o Si w gen pinèz lakay ou, fè yon pwofesyonèl ki okipe zafè jesyon ensèk nuizib vin enspekte kay la epi trete l avan ou deside jete anyen. (Fè yon koudèy sou livrè Kouman pou pou debarase w de pinèz ak anpeche yo anvayi san danje *Preventing and Getting Rid of Bed Bugs Safely*). Lèplisouvan, kit li rad, kit li kabann ak akseswa pou dòmi, kit se mèb nan yon kay ki gen yon pwoblèm pinèz, yo kapab trete tout san ke w pa oblije jete yo.
- o Si w deside jete atik sa yo, se pou w byen sele yo nan sache plastik oswa nan yon resipyan anplastik avansa dekwake pinèz yo pa gaye...

Kouman pou w sele atik menaje yo lè w ap jete yo

- o Ou dwe vlope atik yo nan yon fèy plastik byen djanm ki pa p dechire fasil oswa mete yo nan sache plastik avan ou retire yo nan kay la.
- o Tout sache ak fèy plastik sa yo dwe byen tepe dekwake pa gen okenn ouvèti ladan yo. Itilize tep yo sèvi pou kondui ayerasyon yo oswa tep pou tepe bwat.
- o Toujou pran prekosyon lè w ap manyen atik enfeste ki sele sa yo lè w ap jete yo pou anpeche plastik ki vlope yo a pete oswa domaje.
- o Si li posib, mete atik ki enfeste yo anndan yon poubèl ki sekirize e ki byen sele pou pa gen pyès pinèz ki pou chape poul yo.

Kouman pou dispoze de atik ki sele yo

Atik ki pi piti yo

- o Mete atik ki piti yo, pa egzanp rad, dra, jwèt, ti tapi, soulye ak lòt atik pèsònèl nan yon sache fatra ki byen solid epi tepe bouch li byen ak tep dekwake pa gen pinèz ki chape poul yo.
- o Kole yon etikèt sou sache yo k ap make byen klèman sou li « ATIK ENFESTE AK PINÈZ - PIGA PRAN YO (BED BUG INFESTED – DO NOT TAKE) » pou dekouraje lòt moun ki ta gen entansyon pran atik sa yo pou pote yo lakay yo.
- o Se pou w mete atik enfeste ki pou jete yo sou twotwa lari a toujis anvan lè Depatman sanitasyon pral pase ranmase fatra a.

Matla, somye ak lòt gwo mèb

- o Lalwa mande pou tout matla ak somye byen sele anndan yon sache plastik ki byen solid avan pou jete yo.
- o Koupe oswa defigire matla, ankadreman kabann ak mèb ranboure yo pou dekouraje moun pran yo pou pote lakay yo.
- o Avan w jete atik la, vlope l ak yon plastik byen solid epi sele plastik la byen ak tep yo sèvi pou kondui ayerasyon yo. Fè sa nan menm pyès kote atik la te estoke a pou anpeche pinèz yo gaye nan tout rès kay la.
- o Kole yon etikèt sou mèb la ki make byen klèman « ATIK ENFESTE AK PINÈZ - PIGA PRAN YO (BED BUG INFESTED - DO NOT TAKE) » pou dekouraje lòt moun ki ta gen entansyon pran mèb enfeste a pou pote l lakay yo.
- o Plase atik yo sou twotwa lari a toujis anvan lè Depatman sanitasyon an vin ranmase fatra yo.
- o Si w te itilize yon aspiratè pou aspire pinèz yo, jete sache ki ladan l lan oswa vide resipyan ki anmagazinnen pousyè a ladann nan, nan yon sache plastik ke w ap sele. Tout pati nan aspiratè a ou kapab lave yo dwe sibi yon lavaj konplè ak dlo ak fab.
- o Ou pa dwe kite atik enfeste pou jete yo bò kote lòt fatra abityèl ki sot nan imèb la. Imèb ki gen apatman yo ak kay kote plizyè fanmi viv yo ta dwe genyen yon kote yo deziyen espesyalman pou

The New York City Department of Health and Mental Hygiene

moun kapab estoke atik enfeste ak pinèz tanporèman apre ke yo byen anbale yo pou yo tann jou ramasaj la.

- o Moun ki abite nan apatman ki enfeste yo ta dwe avèti administrasyon imèb la epi travay avèk li pou retire ak jete atik enfeste yo.
- o Piga w fè kado atik ki sot nan yon kay ki enfeste.

Kouman pou w entwodui nouvo atik nan kay ou

- o Kay ou dwe pa gen pinèz ladan l ankò avan w achte nouvo mèb oswa lòt atik.